



# Yon Ti Koutje sou Essential Plan

## KIMOUN KI KALIFYE?

### MEN MOUN KI KALIFYE:

- Moun k ap viv nan Eta New York
- Kapab satisfè kondisyon Essential Plan dapre revni
- Moun k ap viv legalman Ozetazini
- 19-64 tran
- Pa kalifye pou Medicaid oswa Child Health Plus
- Pa kalifye pou pwoteksyon nan travay oswa lòt pwoteksyon

NY State of Health konfòme ak lwa Federal konsènan dwa sivik ak lwa Eta ki anplas epi li pa fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, kwayans/relijyon, laj, sèks, eta sityasyon familyal, kazye jidisyèl, kondanasyon penal, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon jenetik, sityasyon militè, viktim vyolans nan kay epi/oswa vanjans.

## KISA KI GARANTI?

- Swen prevantif gratis
- Swen pou Pasyan ki entène
- Sèvis pou pasyan ki pa entène
- Swen nan matènite ak swen tibebe ki fèk fèt
- Sèvis pou ijans
- Laboratwa ak imajri
- Medikaman sou preskripsyon
- Sèvis reyabilitasyon ak sèvis adaptasyon
- sèvis sante mantal ak sèvis pou twoub itilize alkòl/dwòg
- Sèvis pou sante jeneral ak sèvis pou kontwole maladi
- Vizyon ak Dan

## KONTAKTE NOU :

[nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov) | 1-855-355-5777 oswa TTY 1-800-662-1220

# KONBYEN LAJAN ESSENTIAL PLAN KOUTE?

**FRÈ PA MWA:** Prim chak mwa a se \$0 (gratis) pou moun ki elijib yo.

**KOTIZASYON NAN FRÈ YO:** PA gen **FRANCHIZ** Anba la a se kèk egzanp nivo kotizasyon nan frè Essential Plan.

KOTIZASYON NAN FRÈ SÈVIS SWEN SANTE	Revni anyèl yon moun: mwens pase \$15,650-\$23,475	Revni anyèl yon moun: \$23,476-\$39,125
Prim pa Mwa	\$0	\$0
Franchiz chak Ane	Okenn	Okenn
Swen Prevantif	Gratis	Gratis
Vizit nan Klinik Doktè Premye Swen	\$0	\$15
Vizit nan Klinik Espesyalis	\$0	\$25
Kantite Tan nan Lopital pou Pasyan ki Entène nan Lopital pou chak admisyon	\$0	\$150
Vizit Pasyan ki pa Entène pou Sante Konpòtmantal	\$0	\$15
Pasyan ki Entène pou Pwoblèm Sante Mantal chak admisyon	\$0	\$150
Saldijans:	\$0	\$75
Swen ljan	\$0	\$25
Terapi Fizik, Òtòfoni ak Ègoterapi	\$0	\$15
KOTIZASYON NAN FRÈ YO POU MEDIKAMAN SOU PRESKRIPSYON	Revni anyèl yon moun: mwens pase \$15,650-\$23,475*	Revni anyèl yon moun: \$23,476-\$39,125
Jenerik	\$1	\$6
Mak Depoze ki Prefere	\$3	\$15
Non Komèsyal Nou Rekòmande	\$3	\$30
	*\$0 dola pou moun ki gen revni mwens pase \$15,650.	
KOTIZASYON NAN FRÈ POU AVANTAJ SWEN DAN AK SWEN ZYE	Revni anyèl yon moun: mwens pase \$15,650-\$23,475	Revni anyèl yon moun: \$23,476-\$39,125
Swen Dan ak Swen Zye	\$0	\$0